# СТУДЕНТЛЕР ЖЫЛ ЖУЎМАҒЫНДА СЫЙЛЫҚЛАНДЫ

Усы жылдың 19-декабрь күни Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Мәденият сарайында жыл даўамында карантин шараятында өз үйлеринде отырып,  университет тәрепинен шөлкемлестирилген 5 баслама шеңберинде өткерилген таңлаўларда белсене қатнасып, сыйлы орынларды алған студентлерди сыйлықлаў кешеси өткерилди.

Image not found or type unknown

Кешеге Жаслар менен ислесиў бойынша проректор С.Алаўатдинов, Ҳаял-қызлар мәселелери бойынша ректор мәсләҳәтшиси И.Сейтназарова, Мәлимлеме ресурс орайы дирекоры Н.Шаригатовалар қатнасты ҳәм бәршени кирип келген жаңа жыл менен қутлықлады. Сондай-ақ, кешеде университет «Китапқумарлар» клубы тәрепинен шөлкемлестирилген әжайып байрам бағдарламасы қойып берилди.

Image not found or type unknown